


PWOTEJE KOCHON NAN KANADA YO KONT PÈS PÒSIN AFRIKEN

Pès pòsin afriken (African Swine Fever, ASF) se yon maladi mòtèl pou kochon ki ka devaste endistri vyann kochon nou an, epi afekte ekonomi Kanada a. Menmsi w ap vwayaje pou travay oswa plezi, prevansyon kont pwopagasyon ASF lan se responsabiltè tout moun.



PA POTE VYANN KOCHON

Si w ap soti nan yon peyi ki enfekte ak ASF ou kapab vini ak maladi kochon sa nan Kanada atravè pwodwi vyann kochon enfekte ou pote nan malèt ou. Kochon yo gen risk pou enfekte si pwodwi vyann kochon sa yo ta rive nan yon fèm kote kochon yo gen aksè ak vyann sa, oswa si kochon sovaj yo jwenn vyann sa yo nan fatra epi apre pwopaje ASF la bay kochon ki nan fèm yo.

TPA VOYE VYANN KOCHON PA LAPÒS

Di zanmi w ak fanmi w pou yo pa voye pwovizyon ki gen vyann kochon nan Kanada. Nan anpil ka li ilegal, epi yo ka voye san yo pa konnen pwodwi alimantè ki enfekte ki kapab vin enfekte kochon yo nan Kanada.



TOUJOU FÈ DEKLARASYON

Sonje: Deklare tout manje ak pwodwi orijin animal lè w rive Kanada sinou ou kapab peye jiska \$1300 dola kanadyen kòm amann.

TRAVAYÈ AGRIKÒL K AP ALE KANADA

Si w se yon travayè agrikòl k ap sot nan yon peyi enfekte ak ASF, asire w tout ekipman w ak rad ou yo pwòp. Sonje ke li ilegal pou bay kochon manje vyann nan Kanada, epi tou ou dwe evite ba yo manje ki soti nan poubèl.

